

# RESOUS TOTAL POU SANTE AK BYENNÈT OU POU 2020

MÈSI  
DÈSKE OU  
CHWAZI  
ORLANDO  
HEALTH

ORLANDO  
HEALTH®

Cast Advantage<sup>SM</sup>

*Pou Plan Medikal Disney a*  
[OrlandoHealth.com/Disney](http://OrlandoHealth.com/Disney)



## ANGAJMAN NOU:

Grasa yon gwo kantite rezo kabinè doktè swen jeneral ak espesyalite, sèvis medikal avanse ak enstalasyon dènye kri nan tout Sant Florid, nou pwomèt pou nou kapab pi bon founisè swen ki posib. Nou fè tout efò pou ba w aksè fasil nan bon jan kalite swen sante – nan kote ak nan lè ou bezwen yo.

## TABDÈMATYÈ

Sous Ou pou Swen Konplè	3
Stay in Sync with Connected Care	4
The Role of Your Primary Care Physician	5
You and Your PCP	6
Annual Physical/Preventive Exam	7
The Role of the Specialist	8
Urgent Care Services	9
Emergency Services	10-11
Outpatient Laboratory Services	12
Imaging and Cancer Centers	13
Frequently Asked Questions	14-16
By the Numbers	16
Orlando Health Facilities	17-23

*Spanish and English guides are available at [OrlandoHealth.com/Disney](https://OrlandoHealth.com/Disney).*

*Las guías en español y inglés están disponibles en [OrlandoHealth.com/Disney](https://OrlandoHealth.com/Disney).*

*Gid an Espanyòl ak Angle Ayisyen yo disponib nan [OrlandoHealth.com/Disney](https://OrlandoHealth.com/Disney).*

# ORLANDO HEALTH SOUS OU POU SWEN KONPLÈ

## Paske Lavi Rive

Soti nan bagay chak jou yo rive nan sa ki sanzatann yo, ou bezwen swen sante ke w ka konte sou yo. Nan Orlando Health, nou konsantre nou sou sante ak byennèt total ou. Keseswa nan jesyon sante woutin, tretman espesyalize pou yon pwoblèm medikal ijan, oubyen swen ijan oswa swen dijans enprevi, w ap jwenn tout sa w bezwen yo nan Orlando Health. Orlando Health se resous swen sante total ou nan tout laj, nan tout etap

## Founi Resous Total pou Sante ak Byennèt

Orlando Health kwè nan yon metòd ki baze sou moun nan annantye, kòmanse nan kote ou ye a ak sa ou bezwen jodi a, epi kontinye pou devlope yon plan swen ki koresponn ak oumenm epi mòdvi w. W ap jwenn swen sante ki:

- Aksesib
- Konpatisan
- Konplè epi kowòdone
- Konsantre sou bon jan kalite ak sekirite
- Santre sou pasyan



## Liy Sèvis Konsyèj Kowòdone pou Manm Ekip Disney

Antanke yon Manm Ekip Disney oswa fanmi yon manm, ou gen aksè nan yon nivo sèvis anplis grasa Liy Konsyèj Kowòdone nou an ki la pou ede w jwenn asistans ak swen ou bezwen byen vit epi byen fasil

**(844) WDW-OHFP**  
**(844) 939-6437**

Ekip konsyèj nou an ap ede w dirèkteman oswa, si sa nesèsè, y ap konekte w ak yon resous ekspè pou kalite sèvis annapre la yo:

- Navigasyon ak konsèy nan sistèm swen sante nou an
- Asistans pou planifikasyon
- Kesyon sou plan sante debaz
- Kesyon bòdwo

## RETE ANNAKÒ AK SWEN KONEKTE

Nou reyalize Manm Ekip yo mennen yon vi ki okipe, keseswa nan depasman, lakay yo oswa pandan y ap pran bonjan swen envite nou yo. Kidonk, Orlando Health fè li fasil pou jwenn aksè nan resous sante ou oswa menm pou swiv pwogrè ou nan pakou sante w.

**OrlandoHealth.com/Disney** - Vizite sant sa a ki adapte pou itilize pou jwenn tout sa ou bezwen konnen sou plan Orlando Health Cast Advantage ou an ak lòt avantaj pou Manm Ekip Disney yo.

**Pòtay pou Pasyan** - Konekte w pou w jwenn yon fason ki fasil epi san danje pou jere enfòmasyon sou sante w sou entènèt nan men founisè Orlando Health yo. Ou ka anrejistre nan nenpòt kote nan yon moman ki bon pou ou. Ou kapab itilize pòtay pasyan ou an pou:

- Mande renouvèlman medikaman preskripsyon
- Gade rezilta tèst yo
- Gade enfòmasyon medikal ak rezime klinik yo
- Kominike dirèkteman ak doktè w ak/oswa pèsònèl doktè a nan sèvis mesaj ki gen sekirite

**Vizit Vityèl** - Konekte w ak yon doktè an tan reyèl, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn, 365 jou pa ane, pou jwenn yon dyagnostik ak plan tretman pou sentòm ou ki pa ijans, tankou yon malgòj, enfeksyon nan sinis oswa lafyèv. Vizit vityèl la disponib nan 30 lang ak apati nenpòt kote nan Etazini sou Kontinan Amerik Dinò, ki pèmèt ou jwenn aksè nan swen lakay ou oswa nan travay, pandan ou nan vakans, oswa pou timoun ou ki deyò nan kolèj. Epi pou manm plan Disney yo, gen yon kopeman \$0.

**Planifikasyon sou Entènèt** - Pwofite avantaj ki gen nan nouvo fason pou planifye swen w avèk founisè Orlando Health yo pou randevou avèk doktè, swen ijan ak vizit pou ti ijans.

**Pòtay Manm Orlando Health** - Eksplòre 3,000 doktè nan plis pase 110 domèn espesyalite atravè Sant Florid epi chwazi yon doktè oswa etablisman ki nan rezo a dapre bezwen ou yo.

**Konvèsasyon Andirèk** Kòmanse sesyon konvèsasyon w sou entènèt ak yon reprezantan ki pare pou ede w nenpòt lè pou kesyon ak bezwen ou yo anrapò ak planifikasyon.

**Liy Konsyèj** - Pou jwenn yon doktè oswa pou rezève yon randevou, rele nimewo Orlando Health ou ki la espesyalman pou sèvis konsyèj.



# TOUT BAGAY KÒMANSE AK DOKTÈ SWEN JENERAL OU

Doktè Orlando Health Cast Advantage yo konsantre swen yo sou oumenm, pasyan an prensipalman. Nou kwè nan puisans relasyon w avèk doktè swen jeneral pèsonèl ou nan Orlando Health (PCP, Primary Care Physician). Kolaborasyon sa a egziste pou ede ba w kapasite pou ogmante sante w omaksimòm. PCP ou an ap kowòdone sèvis swen yo lè ou bezwen yo, pandan l ap asire ou jwenn pi bon swen ki posib.

## PCP Orlando Health ou an pwomèt pou:

EKSPLIKE	KOUTE	KONSÈVE	FOUNI
Maladi yo, tretman ak rezilta yo ak mo ki klè e ki fasil-pou-konprann	Istwa w, preferans ou pou swen ak objektif sante w	Disponibilite pandan lè nòmal biwo pou tout bezwen swen ou yo	Repons alè avèk rezilta tès yo ak pou nenpòt kesyon
Bon machaswiv pou medikaman	Kesyon w ak enkyetid ou	Sekrè konplè konsènan tretman, dosye ak konvèsasyon w yo	Referans ba espesyalis ak ekspè ou ka fè konfyans, lè sa nesèsè
Fason pou reponn a bezwen swen sante w andeyò lè nòmal biwo			Kowòdone komunikasyon ant espesyalis sa yo
			Enfòmasyon sou lòt chwa sèvis pou ede w kenbe yon mòdvi ki bon pou sante
			Machaswiv ki klè nan fen chak vizit konsènan sa w dwe atann, tretman yo ak plan pou pi devan
			Dokiman edikatif fasil-pou-konprann pou pote lakay ou

## Nan pami lòt fason nou fè li fasil pou w jwenn swen ou bezwen, gen ladan

**Lè Biwo ki Pwolonje** Anpil nan doktè swen jeneral nou yo ofri èdtan sèvis aswè oswa nan wikenn. Vizite [OrlandoHealth.com/Disney](http://OrlandoHealth.com/Disney) oswa mande doktè ou an yon orè presi.

**Referans Elektwonik** - PCP Orlando Health ou an ap voye tout referans ou bezwen pou tès oswa pou swen espesyalize dirèkteman bay founisè Orlando Health Cast Advantage ki seleksyone a.

### Pasyan Center for Living Well yo (Sant pou viv byen):

PCP ou nan Center for Living Well pral kontinye founi swen jeneral ou epi kowòdone referans bay espesyalis anndan Orlando Health Cast Advantage la.





## OUMENM AK PCP OU

Lè yon maladi parèt oswa lè w gen yon blesi grav se pa moman sa pou w al wè doktè swen jeneral (Primary Care Physician, PCP) ou an pou premye fwa. Okazyon pou vin abitye avèk ou, ansanm ak istwa medikal ou e istwa fanmi w ap ede doktè ou an adapte swen yo pou ou pèsònèlman. Se poutèt sa nou ankouraje pou w prevwa yon vizit nouvo pasyan.

### Vizit Nouvo Pasyan

**Anvan vizit ou an:** Si sa posib, mande yon transfè dosye medikal apatide nenpòt doktè ou gen kounye a, epi vini avèk yo. Pèsònèl nan nenpòt biwo PCP Orlando Health Cast Advantage yo ap kontan ede w.

**Pandan vizit ou an:** PCP ou an pral mande enfòmasyon sou istwa medikal ou ansanm ak istwa medikal fanmi w tou, epi li pral vle konnen tout medikaman w ap pran kounye a. Si nenpòt nan preskripsyon w yo dwe renouvle, sa kapab fèt. Si nenpòt pwoblèm medikal mande pou fè tès, radyografi oswa referans ba yon espesyalis, doktè ou an pral okipe de sa, tou.

### Nan vizit ou yo, yo pral mande pou w bay:

- Yon ID valab ki gen foto w sou li
- Kat asirans ou
- Yon lis nenpòt medikaman w ap pran kounye a, ankontan medikaman preskripsyon ak san preskripsyon, ansanm ak nenpòt vitamin oubyen sipleman
- Yon lis tout alèji w fè, ankontan reyaksyon ak medikaman
- Istwa medikal ou, ki gen ladan operasyon ak lè w te entènè lopital
- Istwa fanmi w, ankontan paran menm san, granparan, matant, tonton, kouzen, frè ak sè, ak pitit
- Yon lis espesyalis ou te wè
- Nenpòt kesyon oswa enkyetid sante ou ka genyen

## Egzamen Fizik/Prevantif Anyèl

Depi w fin kòmanse ak PCP Orlando Health Cast Advantage ou an, li enpòtan anpil pou w fè yon "tchekòp" chak ane pou anpeche maladi epi konsève yon bon sante. Li enpòtan espesyalman pou ede detekte bagay ki kapab pa fè bri, men ki se maladi kwonik danjere kouwè dyabèt ak maladi kè.

### Pandan egzamen anyèl ou an, PCP Orlando Health Cast Advantage ou an pral:

- Fè yon egzamen fizik
- Pale sou abitud sante w, ankontan rejim ak egzèsis
- Mande analiz laboratwa anyèl
- Fè oswa bay lòd pou fè nenpòt tès depistaj byennèt ki bon pou laj oswa ki bon pou sèks (sètadi, EKG, pwostat, mamogram, elatriye) Order medication refills as necessary
- Mande renouvèlman medikaman si sa nesèsè
- Rekòmande mòdvi ak swen prevantif
- Selon nenpòt enkyetid ou ka genyen oswa sentòm ou devlope, doktè ou an ka mande pou w pran yon randevou pou swiv. Sa ap pèmèt evalye nèt nenpòt pwoblèm epi pale sou yo. Epitou, li kapab rekòmande nenpòt tès ak tretman ki bon pou pwoblèm nan.

## REKONPANS BYENNÈT POU 2020

Kòm yon pati nan pwogram Rekonpans Byennèt Disney (Disney Wellness Rewards) ane 2020 an, anplwaye ak Manm Ekip Disney yo plis mari/madanm yo/patnè domestik yo ki enskri nan yon opsyon plan medikal Disney 2020, yo chak kalifye pou ganyen jiska \$300 rekonpans pou byennèt. Kalifikasyon an baze sou reyalyasyon yon evalyasyon sante pèsònèl ak reyalyasyon sèten objektif sante pou yon egzamen prevantif oswa yon depistaj, jesyon pwa ak jesyon tansyon

**Pou w kalifye, ou dwe aji avan 31 desanm 2020. Vizite Benefits. Disney.com pou plis enfòmasyon.**

## Konsèy pou Pale ak PCP Ou

Nou ankouraje pou w sèvi ak rapèl sante enpòtan sa yo pou kòmansè konvèsasyon itil ak PCP ou:

### Depistaj Kansè Kolorektal

Anjeneral apati laj 50 lane, gen plizyè opsyon ki disponib pou depistaj kansè kolorektal, ki gen ladan kolonoskopi, sigmoidoskopi oswa yon kit Cologuard lakay ou. Pale avèk PCP w osijè lè ou ta dwe fè tès depistaj ak ki tès ki ta pi bon pou ou.

### Depistaj Kansè nan Tete/ Mamografi

Ou ta dwe fè yon depistaj mamografi prevantif chak ane apati 45 lane, oswa pi bonè selon risk sante pèsònèl ou, istwa fanmi w oswa si li endike sou plan klinik. Pale ak PCP w sou nenpòt enkyetid ou genyen.

### Depresyon

Pifò PCP ka trete pwoblèm depresyon lejè nan klinik yo, oswa yo kapab refere w bay yon espesyalis ki kalifye pou bay swen ki nesèsè yo. Asire ke ou fè tande vwa w.

### Dyabèt

Yo rekòmande pou fè depistaj sik nan san chak twazan aprè 45 lane. Si ou gen dyabèt, pale ak PCP w regilyèman osijè nivo sik nan san ou ak nivo HbA1c ou.

### Tansyon

Yo dwe pran tansyon w nan chak vizit kay PCP ou. PCP ou ka rekòmande pou w fè egzèsis ak adopte abitud manje ki bon pou sante ansanm ak entèvansyon medikaman si sa nesèsè pou mete tansyon w sou kontwòl.

### Sispann Fimen

PCP ou ap kontan ede w epi li kapab sijere zouti oswa resous ki disponib pou ede w reyalye objektif ou yo.

## Espesyalite Orlando Health yo

Kansè

Kadyovaskilè

Imajri

Sante Gason

Neyonatoloji

Syans newolojik

Obstetrik

Òtopedi & Medsin Espò

Pedyatri

Swen Jeneral


Chiriji

Twomatoloji ak  
Sal Dijans

Swen ljan

Chiriji pou Pèt Pwa

Sante Fanm



## SWEN ESPESYALITE

### Referans

Doktè Swen Jeneral (PCP) Orlando Health Cast Advantage ou an ap kowòdone nenpòt referans ou bezwen pou tès oswa tretman anplis, ankontan analiz laboratwa, radyografi ak imajri, terapi fizik ak swen doktè espesyalis. Yo bay tout sèvis sa yo andedan fanmi Orlando Health la, pandan y ap asire ou resevwa swen kowòdone, atan epi ki gen kalite siperyè.

Lè yo fè yon referans, PCP Orlando Health Cast Advantage ou an ap kontinye sèvi kòm resous ak èd pèsonèl pou sante w, ki sipèvize plan jeneral swen ou epi asire tout moun k ap patisipe ladan enfòmè epi kolabore ansanm pou w rive nan pi bon sante ki posib.

### Wòl Espesyalis la

Nan sèten sikonstans, lè sentòm yo mande sa, PCP ou an ka deside ou dwe al wè yon espesyalis. Oswa, si pwòp enkyetid pa w lakòz ou mande tèt ou èske pwochen etap la se yon espesyalis, ou kapab sètènman soulve kesyon sa a ak PCP ou an. Kèlkilanswa, doktè ou an pral pale sou sitiyasyon an avèk ou, l ap dirije w ba bon espesyalis la epi ede w pou pwosesis referans lan.

Espesyalis Orlando Health Cast Advantage ou yo se doktè ki fin fè etid siperyè ak fòmasyon klinik nan yon domèn lamedsin espesyalman. Pa egzanp, ou ta va wè yon kansewològ pou prevansyon ak tretman kansè, oswa yon kadyològ pou zafè ki gen pou wè ak kè. Nou gen yon pakèt kalite espesyalis, epi yo tout disponib pou ede PCP ou an pou reponn a bezwen swen sante w yo.

Yon espesyalis pral kontinye administre swen w toutotan li nesesè, toudepan kisa pwoblèm oswa maladi ou an ye ak jan tretman an ap mache. Men ou dwe konnen, òdinèman yon espesyalis refere yon pasyan tounen bay PCP li pou nenpòt nouvo pwoblèm ki ta ka vin genyen ki pa gen rapò ak domèn espesyalis la konsantre sou li a.



## SÈVIS SWEN IJAN

Orlando Health kolabore avèk Care Spot Urgent Care pou bay oumenm ak fanmi ou tretman nan yon jounen - ladan gen wikenn, aswè ak jou ferye - nan kote ki toupre w. Menmsi yo pa janm obligatwa, gen randevou disponib, ankontan posiblite pou pran randevou sou entènèt.

### Kilè pou w ale nan Swen Ijan

CareSpot Urgent Care - Sant Orlando Health yo se yon opsyon ki bon anpil pou pwoblèm ki bezwen swen atan, men ki pa mete lavi an danje, ki konble twou vid ki genyen ant PCP ou ak sal dijans. Sa ka gen ladan swen pou grip, enfeksyon, migrèn, fouli, swen pou fann, mètrisi, boule ak ti maladi. Chak sant gen ladan tou yon sal entèvansyon pou bezwen ki plis konplike tankou koud ak mete atèl. Pèsonèl la ap ede kowòdone chwa referans yo lè swen espesyalite oswa swen swivi nesèsè.

Swen ijan apwopriye tou lè yo dwe pran swen pwoblèm oswa blesi ou an andeyò lè biwo nòmal PCP ou an. Men sonje, sant sa yo pa ranplase vizit ki prevwa kay doktè, ni ou pa dwe itilize yo pou swen jeneral. Menm si w ale nan yon sant swen ijan, se yon bon lide pou w planifye yon vizit swivi kay PCP ou pou w jwenn swen ki pi konplè ki posib.

### Anplasan CareSpot Urgent Care - Orlando Health yo

Altamonte Springs

Apopka

Avalon Park (Nan Pa Twò Lontan)

Clermont (Nan Pa Twò Lontan)

Downtown Orlando

East Sand Lake

Kissimmee

Lake Mary

Lee Vista

MetroWest

Ocoee

Oviedo

Winter Springs



## SÈVIS DIJANS

**Bon swen medikal rapid sove lavi moun.** Pèsonn moun pa vle prevwa pou vin gen yon ijans, men nou vle ou prepare pou konnen kisa pou w fè ak kikote pou w chèche swen si sa rive.

Li rekonfòtan tou pou w konnen se Orlando Health ki ebèje sèl Sant Twomatoloji Nivo En nan Sant Florid, ki se pi gwo nivo swen dijans ki disponib. Sant Twomatoloji Nivo En nou an, ki chita nan Orlando Health Orlando Regional Medical Center ak Orlando Health Arnold Palmer Hospital for Children, founi swen pou maladi ak blesi dènye degre epi li gen sipò sèl sèvis transpò ayeryen desekou ki baze nan lopital ki egziste nan Sant Florid.

### Kilè pou w ale nan Sèvis Dijans

Nan Orlando Health, nou gen yon kantite sèvis dijans nan tout Santral Florida, ki la pou jere maladi, pwoblèm medikal ak blesi ki mete lavi an danje. Nou la pou ou lè ou bezwen nou. Ou dwe chèche swen touswit nan sèvis dijans ki pi pre a si oumenm oswa yon moun pwòch ou gen nenpòt nan sa ki annapre la yo:

- Doulè nan pwatrin, difikilte pou respire oswa feblès toudenkou oubyen doulè nan janm oswa nan bra
- Palpitasyon kè grav
- Pèdi ekilib toudenkou, chanjman nan vizyon, difikilte pou pale oswa endispozisyon
- Maltèt grav toudenkou
- Blesi nan tèt oswa nan je
- Gwo blesi oswa senyen san rete
- Vomisman toutan
- Zo kase oswa jwenti debwate
- Boule grav
- Anpwazonnman oswa ovèdòz
- Kriz san yon dyagnostik epilepsi anvan sa
- Doulè grav, espesyalman nan vant oswa ki kòmanse mwatye chemen desann nan do
- Reyaksyon alèjik ak manje, mòde bèt oswa ensèk
- Tibebe ki fenk fèt (laj mwens pase 3 mwa) ki gen yon lafyèv nan 100.4°F oswa pi wo
- Ou tonbe, si w ap pran medikaman antikowagilan

Sonje, si yo admèt ou nan yon etablisman andeyò rezo a pou swen dijans, li enpòtan pou w transfere nan yon etablisman andedan rezo depi eta w estab sou plan medikal.



## Anplasman Sal Dijans Orlando Health yo

Orlando Health Arnold Palmer Hospital for Children  
92 W. Miller St.  
Orlando, FL 32806

Orlando Health Dr. P. Phillips Hospital ak  
Orlando Health Arnold Palmer Hospital for Children  
at Dr. P. Phillips Hospital  
9400 Turkey Lake Rd.  
Orlando, FL 32819

Orlando Health - Health Central Hospital  
10000 W. Colonial Dr.  
Ocoee, FL 34761

Orlando Health Orlando Regional Medical Center  
29 W. Sturtevant St.  
Orlando, FL 32806

Orlando Health South Lake Hospital  
1900 Don Wickham Dr.  
Clermont, FL 34711

Orlando Health South Seminole Hospital  
55 W. State Road 434  
Longwood, FL 32750

St. Cloud Regional Medical Center  
2906 17th St.  
St. Cloud, FL 34769

Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health  
South Lake Hospital - Blue Cedar  
22316 U.S. Hwy. 27  
Leesburg, FL 34748

Orlando Health South Lake Hospital Joe H. & Loretta  
Scott Sal Dijans ak Paviyon Medikal - Four Corners  
16966 Cagan Ridge Blvd.  
Clermont, FL 34714

Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health -  
Horizon West  
17000 Porter Rd.  
Winter Garden, FL 34787

Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health -  
Lake Mary  
380 Rinehart Rd.  
Lake Mary, FL 32746

Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health -  
Osceola  
1001 E. Osceola Pkwy.  
Kissimmee, FL 34744

### *Ouvèti nan kòmansman 2021*

Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health -  
Randal Park  
Corner of Dowden Road ak Randal Park Boulevard,  
Orlando, FL 32832

### *Ouvèti nan kòmansman 2021*

Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health -  
Reunion Village  
Osceola Polk Line Road, Davenport, FL 33896  
(ang nòdès I-4 ak Osceola Polk Line Road)

## Kilè pou Rele 911

Souvan li difisil pou jwenn kilè pou w rele 911 olye pou w ale nan sèvis dijans.

Rele 911 nan nenpòt nan sitiyasyon sa yo:

- Lavi yon moun menase.
- Yon moun endispoze oswa li sot tonbe toudenkou.
- Moun nan gen doulè pèsistan nan pwatrin oswa difikilte pou respire.
- Gen yon blesi grav ki kapab menase lavi oswa menase yon manm kò.
- Ou kwè si yo deplase moun ki viktim nan sa kapab lakòz plis blesi.
- Ou kwè pwoblèm nan kapab vin pi mal byen vit sou wout pou ale lopital.
- Ou santi trafik oswa distans lan ta lakòz twòp reta pou mennen moun nan lopital.
- Moun nan bezwen swen oswa aparèy touswit ke yon EMT kapab bay.

## SÈVIS LABORATWA POU PASYAN EKSTÈN

Laboratwa pou pasyan ekstèn nan Orlando Health yo ofri yon pakèt kalite tès dyagnostik ki fèt pa dè flebotomis ki gen eksperyans, ki sètifye nan laboratwa pratik ki sitye nan tout Sant Florid. Chak kote bay rezilta menm jou a oswa nan landmen pou pifò tès woutin yo, ansanm ak tan ki kout pou rete tann san w pa bezwen randevou.

### Anplasan Laboratwa Etablisman Pasyan Ekstèn

Orlando Health Ambulatory Care Center

Orlando Health Arnold Palmer Hospital for Children

Orlando Health Dr. P. Phillips Hospital

Orlando Health - Health Central Hospital

Orlando Health Heart Institute

Orlando Health Orlando Regional Medical Center

Orlando Health South Lake Hospital

Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health South Lake Hospital - Blue Cedar

Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health South Lake Hospital Joe H. & Loretta Scott - Four Corners

Orlando Health South Seminole Hospital

### Anplasan Orlando Health LabWorks\* yo

Downtown Orlando

Horizon West (Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health)

Lake Mary (Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health)

Osceola (Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health)

Oviedo Spring Lake (Paviyon Medikal Orlando Health)

Summerport (Paviyon Medikal Orlando Health)

#### *OUVÈTI PRENTAN 2020*

Orlando Health LabWorks - Winter Park

#### *OUVÈTI NAN KÒMANSMAN 2021*

Orlando Health LabWorks - Randal Park\*

*\*Pa gen Frè Etablisman*



## Orlando Health UF Health Cancer Center

1400 S. Orange Ave. | Orlando, FL 32806

Youn nan pi gwo founisè swen pou kansè nan Florid, Orlando Health UF Health Cancer Center se youn nan kat Sant Ekselans pou Kansè Eta a deziyen nan Florid epi se li sèl ki genyen nan Sant Florid. Sant pou kansè a ofri tretman espesyalize pa mwayen yon metòd ki gen plizyè espesyalite avèk yon ekip espesyalis medikal ki travay ansanm pou detèmine pi bon plan tretman ki posib pou chak pasyan.



### Sant pou kansè a genyen senk anplasan aktyèlman:

- Kanpis Orlando Health ORMC
- Orlando Health Dr. P. Phillips
- Kanpis Orlando Health - Health Central
- Kanpis Orlando Health South Lake
- Lake Mary, toupre kanpis Orlando Health South Seminole

## SANT IMAJRI ORLANDO HEALTH YO

Orlando Health, ansanm ak Medical Center Radiology Group, ofri sèvis imajri pratik pou pasyan ekstèn nan Sant Imajri Orlando Health yo. Sèvis yo enkli MRI, CT, Radyografi, mamografi ak plis toujou. Sant imajri yo sitiye kounye a nan zòn annapre la yo:

- Downtown Orlando
- Altamonte Springs
- Ocoee - Commerce Parkway
- Ocoee - Blackwood Avenue
- Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health - Lake Mary
- Paviyon Medikal Orlando Health - Spring Lake (zòn Dr. Phillips)



### OUVÈTI PRETAN 2020:

- Paviyon Medikal Orlando Health - Summerport (Windermere)
- Paviyon Medikal Orlando Health - Winter Park


# KESYON MOUN POZE SOUVAN

## Kisa ki diferan konsènan Orlando Health Cast AdvantageSM 2020 an pou plan medikal Disney?

Disney vle pou anplwaye yo gen pi bon chwa, mwens traka, epi jwenn aksè nan swen sante kalite siperyè. Plan Orlando Health Cast Advantage la ofri Manm Ekip yo aksè nan swen rekoni onivo nasyonal, nouvo anplasan ki toupre w, ak resous pou swen sante total, ansanm ak yon pòtay pasyan, planifikasyon sou entènèt, Konvèsasyon Andirèk, Konsiltasyon Vityèl, ak yon liy Disney ki la espesyalman pou sèvis konsyèj.

## Èske Orlando Health ofri sèvis telemedsin?

Wi. Avèk Vizit Vityèl Orlando Health la, ou ka konsilte yon doktè kèlkeswa kote ou ye, 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn, 365 jou pa ane, konsa ou ka kòmanse santi w miyò bonè. Gen yon kopeman \$0 pou manm plan Disney yo.



## Kisa rezo founisè plan Orlando Health Cast Advantage la siyifi pou mwenmenm ak fanmi m an 2020?

Avèk plan Orlando Health Cast Advantage 2020 an, PCP yo travay ann ekip ak espesyalis yo, lopital yo ak lòt etablisman yo anndan rezo founisè patisipan an. Avèk le tan, yo atann ke pi bon kowòdinasyon ant PCP yo ak lòt doktè yo nan rezo founisè a pral:

- Ede patisipan yo jere depans swen sante yo pi byen
- Amelyore eksperyans pasyan an viv
- Ede patisipan yo rete an sante oswa vin an sante

Objektif la se ede patisipan yo jwenn swen yo bezwen, nan fason ki efikas epi ki byen òganize.

## Ou pral travay kole sere ak PCP ou an pou jwenn swen anndan rezo founisè ou an, ki pral:

### Plis adapte pou ou pèsònèlman.

PCP ou an pral travay kòm yon pati nan yon ekip ak espesyalis yo, lopital yo ak lòt etablisman yo andedan rezo founisè ou an. Yo pral pataje enfòmasyon epi fè rekòmandasyon ansanm pou founi w pi bon swen ki posib.

### Rezilta avèk mwens traka.

Swen ki kowòdone pi byen vle di pi bon kominikasyon ant founisè ou yo, mwens pwoblèm administratif ak mwens dokiman pou ou ranpli.

### Pran mwens tan.

Kounye a, doktè w ka refere w ba yon espesyalis san transmèt rezilta tès ou oswa radyografi w. Mache anpil sa ta ka tonbe sou responsablite w – epi san li, randevou w ak espesyalis la ta ka pa bay kantite rezilta ou ta vle a. Alèkile, founisè swen ou yo ka kowòdone etap sa yo pou ou, konsa ou kapab jwenn anpil pwofi nan chak randevou.

**Plan Orlando Health Cast Advantage la pa kouvri swen avèk okenn founisè andeyò rezo amwenske se yon ijans.** Sonje, si yo admèt ou nan yon etablisman andeyò rezo a pou swen dijans, li enpòtan pou w transfere nan yon etablisman andedan rezo depi eta w estab sou plan medikal.

## Èske mwen ka wè doktè deyò rezo plan Orlando Health Cast Advantage mwen an?

Non. W ap oblije sèvi ak plan Orlando Health Cast Advantage ou te chwazi pou 2020 an sèlman pou swen andedan rezo a: PCP ou an pral kowòdone referans bay espesyalis oswa lòt founisè swen yo. Si PCP ou refere w ba yon founisè andeyò rezo prefere ou an, reklamasyon an p ap kouvri. Menmsi PCP ou dwe konnen nan ki rezo plan oumenm ak depandan w ki kouvri yo enskri, ou gen responsablite asire ou resevwa swen andedan rezo a.

**Èske mwen bezwen yon rekòmandasyon nan men PCP mwen pou m al wè yon lòt doktè?** Referans yo reprezante yon pati endispansab nan modèl swen rezo plan Orlando Health Cast Advantage la. PCP ou ap refere ou – epi travay ann ekip avèk – espesyalis, lopital ak lòt etablisman anndan rezo plan an pou bay bonjan kalite swen trè kowòdone, ki amelyore eksperyans ou antanke yon pasyan.

**Èske mwen bezwen yon referans pou m al wè yon espesyalis?** Li rekòmande pou w kolabore depre ak PCP ou, ki kapab dirije swen ou pi byen, ansanm ak bay referans tou pou espesyalis ak lòt sèvis.

## Si m bezwen swen pandan m ap vwayaje andeyò zòn nan, èske tretman mwen ap kouvri?

Plan Orlando Health Cast Advantage la pa kouvri swen ou resevwa andeyò rezo Orlando Health la, sof nan sitiyasyon dijans.

## E si mwen resevwa swen medikal dijans nan yon etablisman ki pa nan rezo founisè mwen an?

Sèvis ijans yo kouvri kèlkanswa etablisman an. Si ou bezwen tretman touswit pou yon pwoblèm grav oswa ki mete lavi an danje, toujou ale nan etablisman dijans ki pi pre ou an oswa rele 911.

Sonje, si yo admèt ou nan yon etablisman andeyò rezo a pou swen dijans, li enpòtan pou w transfere nan yon etablisman andedan rezo depi eta w estab sou plan medikal.

## Ki sant swen ijan ki disponib nan rezo Orlando Health la?

CareSpot Urgent Care – Sant Orlando Health yo ki sitye toupatou nan tout Sant Florid fè pati rezo plan Orlando Health Cast Advantage la. Pou jwenn anplasan etablisman swen ijan yo nan rezo a, vizite [OrlandoHealth.com/Disney](http://OrlandoHealth.com/Disney).



## KESYON MOUN POZE SOUVAN

### E si mwen gen yon chanjman nan eta sante mwen?

Si w bezwen fè rapò pou yon chanjman nan eta sante w oswa ou gen kesyon konsènan eta sante w, tanpri kontakte doktè swen jeneral ou an oswa biwo espesyalite a dirèkteman.

Biwo doktè ou an pral dirije w ba yon manm pèsònèl klinik la pou pale sou enkyetid ou genyen yo. Yo ka ba w machaswiv pou ede w lakay ou, pou ede w deside si w dwe pran yon randevou nan biwo a, oswa si li ta pi bon pou w chèche èd nan yon etablisman swen ijan.

### Èske mwen kapab chanje opsyon medikal mwen pandan ane 2020 an?

Non. Chwa opsyon medikal ou aplike pou tout ane a, sof si ou gen yon evènman lavi ki kalifye. Pa egzanp, si ou marye, si ou fè yon tibebe oswa si ou deplase kite zòn Kòd postal ki kalifye a, w ap kapab chanje chwa ou pandan ane 2020 an. Rele Sant Avantaj Disney (Disney Benefits Center) nan 1 (800) 354-3970 pou jwenn plis enfòmasyon sou evènman lavi ki kalifye yo.

### Èske mwen kapab chanje PCP mwen an pandan ane 2020 an?

Wi; men, nouvo PCP ou an dwe afilye ak Rezo Orlando Health Cast Advantage la. Pou chanje PCP ou nenpòt ki lè, ou kapab rele 1 (855) 999-1522.

### Kikote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou Allegiance?

Pran plis enfòmasyon sou Allegiance ak Orlando Health nan AskAllegiance.com/DisneyOH oswa nan 1 (855) 999-1522.

### Kikote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou plan Orlando Health Cast Advantage la?

Ou ka aprann plis sou Orlando Health Cast Advantage nan OrlandoHealth.com/Disney oswa nan 1 (844) 939-6437.

### Èske gen nenpòt chanjman nan kote ak fason mwen egzekite preskripsyon mwen yo?

Non. Benefis famasi w yo ap kontinye administre pa Express Scripts, epi w ap egzekite preskripsyon w menm jan ou fè li kounye a

### Èske mwen kapab kontinye itilize Center for Living Well?

Tout founisè Center for Living Well yo fè pati rezo Orlando Health Cast Advantage la

### Èske mwen kapab kontinye itilize kat ID mwen te gen ane anvan yo?

Wi. Asire ou bay li nan premye vizit ou nan klinik doktè w lan an 2020..

My Benefits		ORLANDO HEALTH For the Disney Medical Plan	
Medical and Pharmacy Card		1-844-939-6437 OrlandoHealth.com/Disney	
Group ID#:	3000801	Preventive Care	\$0
Member:	JOHN SAMPLE	PCP Copay	\$20
Member ID#:	SMPL0001	Specialist Copay	\$40
Effective Date		CLW Copay	\$10
		Urgent Care	\$50
		Hospital ER	\$200
		Coinurance	30%/10%
PCP:		OH Virtual Visit	\$0
PCP Phone:		EAP/BHSA	See back
		Rx Information	See back
		Signs	*S*
		Open Access Plus	
Plan: Orlando Health Cast Advantage			

## Chif Yo

Fòs la chita nan kantite yo  
Pèsònèl Medikal nan Orlando Health se:

PRESKE  
**3,000**  
DOKTE  
NAN PLIS PASE  
**80** DOMEN  
ESPESYALITE

**9** LOPITAL  
KI RANPOTE  
PRIM

**28** IJAN  
SANT SWEN

**11** PAVIYON  
MEDIKAL\*

\* Gen ladan kote nou gen sis paviyon medikal ak sal dijans otonòm ki louvri kounye a ak alavni.

PRESKE  
**50** Sant Pasyon  
Ekstèn†  
REYABILITASYON • ISANT IMAJRI • LABORATWA • KANSE • CHIRJI

† Gen ladan lopital, paviyon medikal ak kote ki gen sèvis pasyan ekstèn.

**285**  
KOTE KI GEN  
ETABLISMAN SWEN JENERAL

**5** SANT  
KANSE

**SEL SANT NIVO EN POU TWOMATI NAN SANTRAL FLORIDA POU GRANMOUN AK TIMOUN**  
**+15** SAL DIJANS

\* Gen ladan kote nou gen sis paviyon medikal ak sal dijans otonòm ki louvri kounye a ak alavni.



# GWROUP ETABLISMAN ORLANDO HEALTH YO



**ORLANDO  
HEALTH®**

**Orlando Regional  
Medical Center**

52 W. Underwood St.  
Orlando, FL 32806



## **Orlando Health Orlando Regional Medical Center**

Depi plis pase 100 lane, Orlando Health Orlando Regional Medical Center (ORMC) ofri opsyon ki pi avanse ki disponib pou swen chirijikal, medikal, reyabilitasyon ak ijans, epitou li sèvi kòm sèl Sant Twomatoloji Nivo En ki gen nan Sant Florid. Efò nou yo te fè nou jwenn rekonesans nan men U.S. News & Report kòm yon Meyè Lopital nan Orlando ak yon nòt sekirite "A" nan senk sou sis dènye peryòd klasman nan The Leapfrog Group, yon defansè nasyonal, benevòl pou kalite ak sekirite swen sante. Orlando Health ORMC fyè dèske li sèvi kòm lopital ki pi prestijye nan sistèm lan.

Grasa teknoloji dènye kri nou yo ak ekspètiz nou nan domèn twomatis, kè, vaskilè, estwok, syans newolojik, onkoloji, chiriji ak òtopedi, nou bay yon seri swen konplè pou tout fanmi an.

Gen uit inite lopital aktyèlman nan Orlando Health ORMC ki resevwa Prim Beacon pou Ekselans bò kabann pasyan nan men American Association of Critical-Care Nurses, ki se plis kantite inite nan nenpòt lopital adilt ki gen nan Eta a.



## **Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health - Randal Park Ouvèti an 2021**

Pou reponn a bezwen kominote yo k ap ogmante nan Sidès Orlando nan Sant Florid, Orlando Health ap bati yon sal dijans ak paviyon medikal sou yon kanpis 15 kawo tè ki sitiye nan kwen nòdès Dowden Road ak Randal Park Boulevard..

**ORLANDO  
HEALTH®**

**Emergency Room  
and Medical Pavilion  
Randal Park**

Ang Dowden Road ak  
Randal Park Boulevard, Orlando, FL



92 W. Miller St.  
Orlando, FL 32806



## Orlando Health Arnold Palmer Hospital for Children

Lopital Arnold Palmer Orlando Health pou Timoun sitiye nan distans de blòk ak Orlando Health ORMC nan kanpis anba lavil Orlando la epi li gen ladan 156 kabann otorize pou swen espesyalize pou timoun. Gen yon estaf konplè ki gen ladan doktè pedyatrik sou-espesyalite ki founi sèvis pedyatrik dènnye kri. Gen yon sèvis dijans pedyatrik ak Sèl Sant Twomatoloji Nivo En pou timoun nan Sant Florid ki te louvri nan Orlando Health Arnold Palmer nan ane 2007.



Lopital la te resevwa rekonesans onivo nasyonal pandan 10 ane youn dèyè lòt kòm youn "Pi bon Lopital pou Timoun" nan men U.S. News & World Report ak deziyasyon pandan twa ane youn dèyè lòt kòm youn "Meyè Lopital pou Timoun" nan men The Leapfrog Group.

## Orlando Health Winnie Palmer Hospital for Women & Babies

Orlando Health Winnie Palmer Hospital for Women & Babies te louvri an 2006 epi li gen ladan pwogram ak sèvis ki konsantre sou bezwen inik fanm ak tibebe ki fenk fèt. Li te resevwa twa deziyasyon youn dèyè lòt kòm "Meyè Lopital pou Ansèyman" nan men The Leapfrog Group, epi Òganizasyon Mondyal Lasante ak UNICEF rekonèt li Adapte pou Tibebe (Baby-Friendly), The Joint Commission sètifye li nan swen perinatal epi li deziyen kòm youn Sant Ekselans nan Tretman Mini-Envazif Operasyon Jinekolojik. Chak ane, Orlando Health Winnie Palmer akeyi prèske 14,000 tibebe. 350 kabann ki nan Lopital la gen ladan 142 kabann swen entansif pou tibebe ki fenk fèt, ki fè l se youn nan pi gwo inite entansif neyonatal nan lemond ak dezyèm pi gwo lopital pou akouchman Ozetazini.



83 W. Miller St.  
Orlando, FL 32806



Adapte pou Tibebe Etazini,  
deziyen an 2018-2023



KOMISYON MIKS APWOBASYON KALITE  
ONIVO NASYONAL



Orlando Health Arnold Palmer ak Orlando Health Winnie Palmer te resevwa ansanm rekonesans "Magnet" pou ekselans nan swen enfimye ak swen kalite siperyè pou pasyan.



## Orlando Health Dr. P. Phillips Hospital

Orlando Health Dr. P. Phillips Hospital se yon etablisman medikal ak chirijikal k ap sèvi rezidan nan sidwès Konte Orange ansanm ak vizitè toupre Walt Disney World, Universal Orlando, Sea World, International Drive ak lòt atraksyon ki gen nan zòn lan. Lopital la sitiye nan distans 10 mil ak sidwès kanpis ORMC, li te louvri nan lane 1985, epi li gen 237 kabann otorize pou swen egi. Orlando Health Dr. P. Phillips yo gen ladan swen dijans, yon Sèvis Dijans pou pedyatri espesyalman; swen chirijikal (ki gen ladan chiriji wobotik ak mini-envazif, newochiriji, chiriji vaskilè ak òtopedi); imajri dyagnostik ak entèvansyonèl (tankou radyoloji, medsin nikleyè, mamografi ak anjyografi); pèfizyon pasyan ekstèn; pwogram akredite pou Doule nan Pwatrin ak Ensifizans Kadyak; ak yon pwogram ki deziyen pou Estwok. Lopital la gen ladan tou yon sant andoskopi ak yon sant konplè pou swen blesi ki ofri terapi oksijèn ipèba. Nan ane 2018, Orlando Health UF Health Cancer Center - Dr. Phillips te louvri nan kanpis lopital la. Kounye a pasyan yo gen aksè nan tretman konplè pou kansè avèk zòn tretman elaji pou kimoterapi ak radyoterapi, sèvis onkoloji medikal, konsiltasyon onkoloji chirijikal, sèvis famasi onkolojik, enstalasyon laboratwa ak pwogram Kominotè pou Sipò pou Kansè.

# ORLANDO HEALTH®

## Dr. P. Phillips Hospital

9400 Turkey Lake Rd.  
Orlando, FL 32819



Paviyon Medikal Orlando Health -  
Spring Lake  
7243 Della Dr.  
Orlando, FL 32819

Yon sèl kote ki bay tout sèvis pou swen sante konplè avèk swen jeneral kowòdone ak kabinè doktè espesyalite e sèvis oksilyè, nitou imajri dyagnostik, sèvis laboratwa, yon famasi ak yon ti restoran.



## ORLANDO HEALTH®

### Emergency Room and Medical Pavilion *Osceola*

1001 E. Osceola Pkwy.  
Kissimmee, FL 34744

## Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health - Osceola

Nan mwa janvyè 2019, Orlando Health te louvri yon sèvis dijans ak yon paviyon medikal nan Konte Osceola, ki founi antanke yon sèvis Orlando Health Dr. P. Phillips. Enstalasyon twa etaj 60,000 pye kare ki fenk louvri a gen ladan 24 sal tretman nan premye etaj la epi li founi swen dijans dènnye kri pa mwayen doktè Sal Dijans ki sètifye devan konsèy la ak yon ekip klinik trè kalifye, ki pran swen adilt ak timoun – 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Epiyou etablisman an ofri yon seri konplè sèvis swen sante ki sitiye nan dezyèm ak twazyèm etaj yo, ki gen ladan swen sante espesyalize pou adilt, swen pou kansè, jinekoloji ak sèvis laboratwa pasyan ekstèn.

# ORLANDO HEALTH®

## Health Central Hospital

10000 W. Colonial Dr.  
Ocoee, FL 34761



Paviyon Medikal Orlando Health -  
Summerport  
5151 Winter Garden Vineland Rd.  
Windermere, FL 34786

Etablisman sa a ofri sèvis medikal konplè ki gen ladan swen espesyalize ak swen jeneral pou adilt ak timoun, obstetrik ak jinekoloji, chiriji ak sèvis laboratwa pou pasyan ekstèn. Yon sant imajri ki planifye pou louvri disi ete 2020..

### Orlando Health - Health Central Hospital

Orlando Health - Health Central Hospital se yon lopital kominotè ki angaje pou ekselans, sèvis ak patisipasyon kominotè. Lopital la nan Ocoee, nan Florid, ki sitye nan distans 11 mil nan lwès kanpis Orlando Health ORMC, nou te fè akizisyon l nan men Distri Swen Sante West Orange (Distri) nan dat 1ye avril 2012. Orlando Health - Health Central opere yon lopital swen egi ki gen 253 kabann, de etablisman swen enfimye espesyalize, klinik ekstèn ak yon klinik dènnye kri pou gerizon blesi ak chanm medsin ipèba. Nan ane 2016, avèk sipò Distri a, lopital la te gen yon agrandisman pou \$45 milyon ki te gen ladan agrandisman ak chajman aranjman sèvis dijans lan ak ajoutman 40 chanm pou pasyan, sa ki pèmèt Orlando Health - Health Central vin yon etablisman ak tout chanm prive nèt pou pasyan. An 2018, Orlando Health - avèk gwo finansman nan men Distri a - te louvri yon sant konplè 30,000 pye kare pou kansè ki ofri pwogram ak sèvis klinik elaji pou pasyan ak fanmi yo. Sant pou kansè a se sèl etablisman nan Sant Florid ki ofri terapi MRIdian, ki pèmèt tretman plis egzak pou timè kansè grasa imajri rezonans mayetik (Magnetic Resonance Imaging, MRI) an tan reyèl pandan radyoterapi. Etablisman swen enfimye espesyalize 110 kabann pi resan an, avèk yon inite reyabilitasyon 60 kabann, yon inite 40 kabann pou Alzheimer epi yon inite ospis 10 kabann ki louvri nan ete 2019 la.



### ORLANDO HEALTH® | Emergency Room and Medical Pavilion *Horizon West*

17000 Porter Rd. | Winter Garden, FL 34787

### Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health - Horizon West

An 2018, Orlando Health – an patenarya avèk Distri Swen Sante West Orange – te louvri yon kanpis medikal ki sitye nan distans 20 mil nan sidwès anba lavil Orlando nan kominote Horizon West la. Kanpis medikal la gen ladan 24 sal pou pasyan epi li founi swen dijans dènnye kri pa mwayen doktè Sal Dijans ki sètifye devan konsèy la ak yon ekip klinik trè kalifye, ki pran swen adilt ak timoun – 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Epitou etablisman an ofri yon seri konplè sèvis swen sante ki sitye nan dezyèm etaj la, ki gen ladan medsin famiyal ak swen espesyalize pou adilt, obstetrik ak jinekoloji, sèvis laboratwa pou pasyan ekstèn ak sèvis reyabilitasyon, epi yon sant pou amelyorasyon pèsonalize sante. Orlando Health Horizon West Hospital se yon etablisman 214,000 pye kare ki prevwa pou louvri an 2020.



# ORLANDO HEALTH®

## South Seminole Hospital

555 W. State Road 434  
Longwood, FL 32750

### Orlando Health South a Seminole Hospital

Orlando Health South Seminole Hospital se yon lopital swen egi ki sitiye nan distans 15 mil nan nò kanpis Orlando Health ORMC nan Longwood, Florid, epi li sèvi bezwen swen sante rezidan Konte Seminole yo. Nan pami 206 kabann li yo, 126 se pou swen egi epi 80 se pou sante konpòtmantal pou pasyan entènè. Orlando Health South Seminole se yon lopital kominotè sèvis konplè ki ofri sèvis pou pasyan swen kritik, mediko-chirijikal ak sante konpòtmantal, epi li gen yon sèvis dijans 39 kabann, depatman chiriji, sant andoskopi ak laboratwa kateteris kadyak pou dyagnostik. Sèvis dijans lopital la se yon Sant pou Doule nan Pwatin ak Sant Estwok Primè ki akredite. Orlando Health South Seminole gen youn nan twa baz elikoptè Air Care Team yo (Ekip Swen Ayeryen) epi li bay swen pou menm blesi ki pi grav.

Anplis yon nouvo sant reyabilitasyon fizik konplè pou pasyan ekstèn, Orlando Health South Seminole ofri tou yon seri sèvis konplè pou pasyan ekstèn, tankou terapi oksijèn ipèba pou swen blesi, radyoloji dyagnostik ak entèvansyonèl, medsin nikleyè, laboratwa, chiriji, MRI ak sikoterapi pou pasyan ekstèn.

### ORLANDO HEALTH®

#### Emergency Room and Medical Pavilion Lake Mary

380 Rinehart Rd.  
Lake Mary, FL 32746



### Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health - Lake Mary

Lè gen blesi ak maladi ki rive, ou vle yon moun ki konprann epi ki kapab founi swen ou bezwen yo, nan moman ou bezwen yo. Se rezon sa ki fè Orlando Health te pote Swen Sèvis Dijans pi pre w. Nouvo Sèvis Dijans lan nan Lake Mary ofri sèvis sa yo:

- swen dijans pedyatrik ak adilt 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn
- Doktè medsin dijans konsèy la sètifye
- Enfimye(è) sètifye nan Swen Avanse Sipò Kadyak, Swen Avanse Sipò Pedyatrik ak reanimasyon tibebe ki fenk fèt
- Sal ki fèt espesyalman pou reanimasyon respiratwa/kadyak
- Imajri Dyagnostik ki gen ladan tomodansitometri (CT scan), ekografi ak radyografi

Epitou etablisman an ofri yon seri konplè sèvis swen sante ki sitiye nan paviyon medikal ki toupre a, ki gen ladan swen espesyalize pou adilt ak timoun, ansanm ak sèvis imajri ak laboratwa pasyan ekstèn. Lopital Lake Mary Orlando Health prevwa pou louvri nan fen 2021.



**ORLANDO  
HEALTH®**

**South Lake  
Hospital**

1900 Don Wickham Dr.  
Clermont, FL 34711

### Orlando Health South Lake Hospital

Orlando Health South Lake Hospital, yon lopital swen egi ki gen 140 kabann, ki sitiye nan distans 25 kilomèt nan lwès anba lavil Orlando nan Clermont, Florid. Lopital la sèvi Konte Lake South epi li chita sou kanpis 180 kawo tè pou sante, edikasyon ak byennèt ki gen ladan lopital swen egi a; Sant pou Sante Fanm, ki bay swen konplè pou fanm depi nan matènite jouk rive nan matirite; ak Sant Fòmasyon Nasyonal la, ki ofri patisipasyon kòm manm nan byennèt kominotè, epitou ki atire atlèt elit ak ekip espò ki soti toupatou nan lemond pou antrènman ak kondisyònman. Orlando Health South Lake ofri divès kalite sèvis medikal, tankou imajri dyagnostik, òtopedi, chiriji wobotik, iwoloji ak swen kadyak. Kanpis lopital la gen ladan tou Sant Reyabilitasyon SkyTop View, yon sant reyabilitasyon dènye kri ki gen 30 kabann pou apre-operasyon ki pran swen pasyan ki nan konvalesans apre operasyon òtopedik ak operasyon jeneral.



### Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health South Lake Hospital

Nan ane 2018, Orlando Health South Lake te louvri de sèvis dijans, sèvis pou pasyan ekstèn ak bilding biwo medikal nan pwent sid ak nò zòn prensipal sèvis li. Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health South Lake Hospital Joe H. & Loretta Scott sitiye nan zòn Four Corners la epi Sal Dijans ak Paviyon Medikal Orlando Health South Lake Hospital la - Blue Cedar sitye nan South Leesburg.

Sèvis pasyan ekstèn ki disponib yo gen ladan reyadaptasyon, laboratwa ak imajri dyagnostik. Paviyon medikal la nan Blue Cedar gen ladan kabinè doktè ki ofri swen jeneral ansanm ak swen espesyalize nan kadyoloji, newochiriji ak baryatrik



**ORLANDO  
HEALTH®**

*South Lake Hospital  
Joe H. & Loretta Scott*  
**Emergency Room  
and Medical Pavilion**

16966 Cagan Ridge Blvd. | Clermont, FL 34714




**ORLANDO  
HEALTH®**

*South Lake Hospital*  
**Emergency Room  
and Medical Pavilion**  
*Blue Cedar*

22316 U.S. Hwy. 27 | Leesburg, FL 34748

# TOUT KOTE OU YE.

Orlando Health pran angajman pou kontinye agrandi prezans nou nan Sant Florid, pou ofri plis aksè nan sèvis pou oumenm ak fanmi w nan kominote ak nan katye kote w abite, kote w travay ak kote w jwe.



- Lopital Orlando Health yo
- Sal Dijans yo
- Paviyon Medikal yo
- CareSpot Urgent Care
- Klinik Swen Jeneral yo
- Klinik Swen Espesyalize yo
- Sèvis Pasyon Ekstèn yo\*
- Heart Institute
- Doktè Kominotè yo

\* Gen ladan Sant Imajri, Reyabilitasyon, Laboratwa ak Kansè.

# ORLANDO HEALTH®

1414 Kuhl Ave.  
Orlando, FL 32806

Ou gen kesyon sou Orlando Health?

Rele Konsyèj Kowòdone Orlando Health Ou:

**(844)WDW-OHFP / (844) 939-6437**

oswa vizite

**[OrlandoHealth.com/Disney](https://OrlandoHealth.com/Disney)**